# misaalu kiy tudd Boroomam ak ki dul tudd Boroomam, mi ngi mel ni misaalu kiy dund ak ki dee

Jële na ñu ci Abii Muusaa yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "misaalu kiy tudd Boroomam ak ki dul tudd Boroomam, mi ngi mel ni misaalu kiy dund ak ki dee", ci baati Muslim: "misaalu kër gi ñuy tudde Yàlla, ak kër gi ñu dul tudde Yàlla, mi ngi mel ni misaalu kiy dund ak ki dee".
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na li xàjjale diggante kiy tudd Yàlla mu kawe mi ak ki ko dul tudd, ci ne moo ngi mel ni diggante kiy dund ak ki dee ci jariñe ak rafet melo, misaalu kiy tudd Boroomam moo ngi mel ni kiy dund ki nga xam ne bitéem dafa taaru ci leerug dund gi, biiram leere ak xam-xam, mu am njariñ, misaalu ki dul tudd Yàlla nag moo ngi mel ni ki dee ki nga xam ne biteem dafa yàqu, biiram di ag neen, te amul njariñ. Niki noonu kër gi ñuy niróoleek kiy dund bu dee ña fa dëkk dañuy tudd Yàlla, bu dul loolu rekk kon kër gu dee la ngir ne ña fa dëkk duñu tudd Yàlla; melal giñu melal dundu ak dee ci kër ñoo ngi ci jublu waa-kër gi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee